

# Pakou Pwogram Ekonomize pou Inivèsite



**N ap ekonomize pou Inivèsite ak fòmasyon pwofesyonèl, ansanm!** Swiv etap sa yo pou kòmanse ak Pwogram Ekonomize pou Inivèsite (Save for College Program) a:

Nan ane eskolè 2023-2024\* la, **tout elèv nan klas jadendanfan, premye ane ak dezyèm ane ki enskri nan lekòl piblik NYC yo (ki gen ladan yo lekòl endepandan [charter schools] k ap patisipe yo) elijib pou yo patisipe**, kèlkeswa revni oswa estati imigrasyon fanmi yo.

## Fè premye depo ou

Depoze omwen \$5 sou kont depay pou inivèsite ak karyè w genyen ki konekte a epi NYC Kids RISE ap ajoute yon lòt rekonpans \$25 sou Kont Bousdetid NYC pitit ou a.

**Pitit ou an ap resevwa otomatikman yon Kont Bousdetid NYC (NYC Scholarship Account) gratis ak yon premye \$100** sof si ou chwazi pa patisipe epi ou soti nan pwogram nan. Depi w pa fè OKENN AKSYON pandan Pwosesis pou Retrè a, pitit ou a ap enskri otomatikman nan Pwogram Ekonomize pou Inivèsite a.

## Louvri pwòp kont depay pou inivèsite ak karyè pa w

Lè ou louvri yon kont depay pou inivèsite ak karyè pou tèt ou, epi w konekte l ak Kont Bousdetid NYC pitit ou a, NYC Kids RISE pral ajoute yon lòt rekonpans \$25 sou Kont Bousdetid NYC pitit ou a. Jwenn plis enfòmasyon: [nyckidsrise.org/options](https://nyckidsrise.org/options)

## Kontinye ekonomize epi resevwa Korespondans Depay la

Ou menm, fanmi w, kominote w ak NYC Kids RISE ka kontinye ekonomize ansanm sou yon peryòd tan. Depi nan premye jou pou klas premyè ane pitit ou a jiska dènye jou li nan klas senkyèm ane a, NYC Kids RISE pral mete menm valè lajan ou depoze sou kont depay pou inivèsite ak karyè ou genyen ki konekte a, dola pa dola, jiska yon maksimòm \$100. Kontinye fè ekonomi nan fason ki bon pou ou menm ak fanmi w. Manm kominote w la ka kontribye nan edikasyon pitit ou a tou atravè Bousdetid Kominotè.

## Aktive ak afiche Kont Bousdetid NYC pitit ou a sou entènèt

Yon fwa pitit ou a enskri nan Pwogram Ekonomize pou Inivèsite a, ale sou [nyckidsrise.org/activate](https://nyckidsrise.org/activate) epi klike sou "Aktive Kont" pou vizite platfòm sou entènèt la, Siveyans Epay (Savings Tracker) la (yon pòtay sou entènèt kote paran/responsab legal yo ka wè Kont Bousdetid NYC pitit yo a) epi kreye pwofil ou. Yon fwa ou fin fè sa, NYC Kids RISE ap mete yon rekonpans \$25 sou Kont Bousdetid NYC pitit ou a!

## Timoun ou an ap itilize lajan sa a pou edikasyon lpi devan!

Timoun ou an ka itilize lajan Kont Bousdetid NYC la pou etid siperyè, ansanm ak nan inivèsite 2ak 4 lane ki elijib yo, lekòl komès ak fòmasyon pwofesyonèl yo, ak pwogram aprantisaj ki elijib Ozetazini yo ak nan kèk lekòl aletranje.

# Planifikatè Pwogram Ekonomize pou Inivèsite ou a



Aprè pitit ou a fin resevwa Kont Bousdetid NYC li a, itilize fèy travay sa a pandan w ap konplete etap esansyèl ki gen nan Pwogram nan. Ou ka konplete etap sa yo lakay ou, nan telefòn, nan yon evènman eskolè oswa lè w pran yon randevou pou pale avèk yon reprezantan NYC Kids RISE. Se NYC Kids RISE ki kreye epi jere Kont Bousdetid NYC pitit ou a sou non pitit ou a.

## 1. Aktive epi afiche Kont Bousdetid NYC pitit ou a sou entènèt

### W ap bezwen:

- Nimewo Idantifikasyon Etidyan nèf chif pitit ou a\*
- Dat nesans pitit ou a
- Kòd postal lakay pitit ou a
- Adrès imèl ou

\*Pou jwenn nimewo sa a, gade nan kanè eskolè pitit ou a, mande lekòl ou a, oswa konekte w sou Kont Lekòl NYC (NYC Schools Account) w la nan [schoolsaccount.nyc](https://schoolsaccount.nyc)

## 2. Louvri yon kont depay pou inivèsite ak karyè nan avantaj pitit ou

### Adilt k ap ouvri kont la nan non pitit ou a ap bezwen:

- Pwòp Nimewo Sekirite Sosyal (Social Security Number, SSN) oswa Nimewo Idantifikasyon Fiskal Endividyèl (Individual Taxpayer Identification Number, ITIN) pa yo
- SSN oswa ITIN pitit ou a

## 3. Fè premye depo \$5 ou a

### W ap bezwen youn nan sa ki annapre yo:

- Enfòmasyon kòd bank (bank routing) ak nimewo kont, OSWA
- Chèk pèsònèl, OSWA
- Manda postal (money order), OSWA
- Selon tip kont depay la, depoze lajan kach ka yon opsyon tou

## 4. Kontinye ekonomize epi resevwa Korespondans Depay la

### Ti konsèy pou ede w ekonomize:

- Konplete Korespondans Depay \$100 a: [nyckidsrise.org/savings-match](https://nyckidsrise.org/savings-match)
- Jwenn ti konsèy sou ekonomi epi etabli yon objektif pou ekonomi: [nyckidsrise.org/saving-resources](https://nyckidsrise.org/saving-resources)
- Ankouraje zanmi w ak fanmi w pou yo kontribye nan kont epay pou inivèsite ak karyè pitit ou a: [nyckidsrise.org/bb3-resources](https://nyckidsrise.org/bb3-resources)
- Depoze yon pati nan ranbouseman taks ou a sou kont epay pou inivèsite ak karyè pitit ou a
- Planifye yon randevou gratis avèk yon konseye finansye nan yon Sant Èd Finansyèl NYC (NYC Financial Empowerment Center) sou sit [nyc.gov/talkmoney](https://nyc.gov/talkmoney), oswa rele 311 epi di "Financial Counseling" (Konsèy Finansye)

Pwogram Ekonomize pou Inivèsite NYC Kids RISE la pèmèt fanmi, lekòl ak kominote yo jwenn yon fason pou yo travay ansanm pou yo sove avni pitit yo. Se yon pwogram bousdetid ak ekonomi ki fèt pou rann inivèsite ak fòmasyon pwofesyonèl pi aksesib pou tout elèv lekòl piblik Vil New York yo, kèlkeswa revni oswa estati imigrasyon fanmi yo. Pwogram Ekonomize pou Inivèsite a se yon zouti ke fanmi yo, ansanm ak lekòl yo ak vwazen yo, ka itilize epi pèsonalize nan fason ki pi bon pou lavi yo epi ki sipòte rev yo pou pitit yo.

NYC Kids RISE se yon òganizasyon ki pa gen kòm objektif pou fè pwofi k ap travay ak Vil New York la epi ak Depatman Edikasyon NYC (NYC Department of Education) pou jere Pwogram Ekonomize pou Inivèsite a. NYC Kids RISE pa bay konsèy sou investisman ni rekòmande okenn tip kont depay pou inivèsite patikilye.

833-543-7473 | [info@nyckidsrise.org](mailto:info@nyckidsrise.org)

**NYC KIDS RISE™**

Haitian Creole  
Kreyòl Ayisyen  
June 2023